



## Ti Liv #4: OPRESYON AK ESTEWOYID POU ASPIRE

### Entwodiksyon

"Estewoyid" se yon fanmi pwodwi chimik ki nòmalman fèt nan kò a. Yo sèvi kòm òmòn - siyal chimik ki ede kontwole kwasans ak fonksyon kò a. Gen kèk òmòn esteroyid, tankou testostewòn, ki ankouraje fòmasyon pwoteyin ak kwasans misk. Atlèt konpetitif yo te konnen yo pran dérivés ilegal estewoyid "miskilasyon" sa yo nan gwo kantite pou amelyore pèfòmans atletik yo. Yon gwoup trè diferan òmòn esteroyid yo se kòtiko-estewoyid yo, òmòn esteroyid ki fèt nan kòtèks (kidonk, "kòtiko-") glann sirenal yo, ki chita tout kole ak ren yo. Òmòn kòtiko-estewoyid yo gen anpil efè diferan sou fonksyon kò nou, tankou enfliyans sou fason nou itilize depo enèji nou yo (grès, pwoteyin, ak sik) ak fason nou ajiste kontni sèl ak dlo nan kò nou an.

Byen bonè nan ventyèm (20<sup>yèm</sup>) syèk li te dekouvri ke òmòn kòtiko-estewoyid, si yo pirifye ak pran nan gwo kantite kòm yon medikaman, gen efè anti-enflamatwa pwisan. Depi dekouvèt sa a, yo te itilize kòtiko-estewoyid yo pou trete yon gwo varyete maladi kote enflamasyon (pa enfeksyon epi pa kansè) se gwo pwoblèm nan - soti nan atrit rive nan soriazi ak opresyon. Lè oumenm ak doktè w ap pale de estewoyid pou trete opresyon w, se de kòtiko-estewoyid anti-enflamatwa sa yo w ap pale.

### Estewoyid Vale oswa Estewoyid Rale

Pou trete enflamasyon opresyon an nan tib bwonch yo, yo ka pran estewoyid nan fòm konprime oswa likid oswa pa inalasyon. Okazyonèlman, yo bay estewoyid pa piki oswa —nan moun ki entènè lopital—dirèkteman nan venn yo (sewòm nan venn). Lè moun pran li non fòm konprime, likid, piki, oswa sewòm nan venn, medikaman an esteroyid pase nan san an epi yo sikile rive tout kò a, menm tib bwonch yo. Lè li itilize nan fason sa a, estewoyid gen efè ki pi pwisan - tou de swa pou bon (soulaje sentòm opresyon) ak pou move (efè segondè endezirab). Mèzalò, medikaman esteroyid ki rale depoze dirèkteman sou tib bwonch yo, kote yo aji dirèkteman sou tib sa yo; pa gen anpil medikaman ki pase nan san an. Byenke efè imedyà yo pa twò fò, estewoyid pou moun rale pi byen adapte pou itilize alontèm nan tretman anflamasyon tib bwonch paske yo pa gen gwo efè segondè endezirab.

Egzanp estewoyid nan fòm konprime se prednisòn (Non mak: *Deltasone*®) and methylprednisolone (*Medrol*®). Egzanp estewoyid pou moun rale se beclomethasone (*Qvar*®), budesonide (*Pulmicort*®), ciclesonide (*Alvesco*®), fluticasone furoate (*Arnuity*®), fluticasone propionate (*Armonair*®, *Flovent*®), ak mometasone (*Asmanex*®).

Plis enfòmasyon sou estewoyid nan fòm konprime yo disponib nan yon ti liv ki apa ki prepare

pa Sant Opresyon (Asthma Center) Mass General Brigham, ki rele [Opresyon ak Estewoyid nan Fòm Konprime \(Asthma and Steroids in Tablet Form\)](#). Rè s ti liv sa a konsantre sou itilizasyon estewoyid nan fòm vapè pou moun rale.

## Konsèp La

Tib bwonch enflame yo se yon pati enpòtan nan pwoblèm nan opresyon. Kòz enflamasyon an pa toujou konnen, byenke pou anpil moun yon reyaksyon kouwè alèjik ki pèsistan, kalite ba se pwobableman sa ki koupab la. Si ase sevè, enflamasyon an ak anfleman nan tib bwonch yo fè li difisil pou respire, ak tous ak konjesyon nan pwatrin, souf anlè ak sere nan pwatrin. Tou dènyèmman, li te vin konnen ke menm lè yon moun ki gen opresyon santi li toutafè anfòm, yon degre enflamasyon lejè pèsiste nan tib bwonch yo epi li kontribye nan fè tib yo antyoutyout, sètadi, twò sansib ak bagay ki ka deklannche atak opresyon yo.

Pou diminye enflamasyon an nan tib bwonch yo, yon moun ka idantifye epi, eseye evite bagay sa yo ki ankouraje enflamasyon an, kit se lafimen sigarèt oswa lòt bagay ki koze reyaksyon alèjik (ki pote non "alèjèn") tankou kap bèt, pousyè, mwazi, elatriye. Kanmenm, yon moun ka pran medikaman anti-enflamatwa pou diminye enflamasyon bwonch la. Pou itilizasyon alontèm, sa yo se kòtiko-estewoyid pou aspire ak modifikatè leukotriene, tankou montelukast (*Singulair*®) ak zafirlukast (*Accolate*®). Pou anpil moun ki gen opresyon, kòtiko-estewoyid pou aspire yo se seri medikaman ki pi efikas nan medikaman anti-enflamatwa ki disponib kounye a. Gen kèk pasyan benefisye de iminoterapi alèjik ("vaksen alèji") pou adrese sansiblite alèjik espesifik. Epi yon nouvo apwòch pou diminye enflamasyon nan vwa respiratwa nan moun ki gen opresyon grav, tenas enplike bay piki antikò monoklonal trè espesyalize, yo rele "biyolojik", jan sa adrese nan yon lòt ti liv k ap soti nan Sant Opresyon (Asthma Center) Mass General Brigham, [Itilizasyon "Biyolojik" pou \(Use of "Biologics" to\) Trete Opresyon Grav \(Treat Severe Asthma\)](#) (ki ankou).

## Itilizasyon Regilye Estewoyid pou moun Rale

Estewoyid pou moun rale yo an sekirite pou itilize chak jou pou plizyè mwa rive dèzane. Apwòch tradisyonèl tretman opresyon an, toujou bon metòd ki plis sèvi, se itilizasyon esteroyid pou rale chak jou epi itilizasyon bronkodilatatè aksyon-rapid, tankou albuterol jan sa nesèsè. Pifò nan estewoyid pou aspire yo administre yon fwa oswa de fwa pa jou. Yo disponib kòm inalatè poud sèk (medikaman ki lage pa fòs rale ou), inalatè dòz mezire (medikaman ki lage kòm yon espre nan yon bwat presyon), ak yon solisyon pou nebulizasyon. Yo pa pote soulajman enstantane nan sentòm yo, men ak tan yo apeze opresyon pezape — pa egzanp, mwens tous, mwens atak opresyon, mwens souvan reveye nan mitan lannwit ak opresyon, epi mwens souvan bezwen medikaman bronkodilatatè ou pou soulajman rapid sentòm yo.

Sa ki te sitèlman efikas se konbinezon estewoyid rale ak bronkodilatatè ki dire lontan. Estewoyid pou aspire yo siprime enflamasyon tib bwonch yo pandan bwonkodilatatè ki dire lontan yo ap travay pou anpeche misk bwonch yo vin pi sere alontou pasaj sa yo. Akòz efikasite ak sekirite de kalite medikaman sa yo lè yo itilize ansanm, plizyè inalatè (tou de poud sèk ak dòz mezire) yo te devlope ki konbine tou de yon esteroyid pou rale ak yon bronkodilatatè ki dire

## Opresyon ak Estewoyid pou Aspire

lontan nan yon sèl aparèy. Egzanp yo enkli fluticasone propionate + salmeterol (*Advair*<sup>®</sup>, *AirDuo*<sup>®</sup>, *Wixela*<sup>®</sup>); fluticasone furoate + vilanterol (*Breo*<sup>®</sup>); budesonide + formoterol (*Symbicort*<sup>®</sup>); ak mometasone + formoterol (*Dulera*<sup>®</sup>). Yo dwe pran yon fwa oswa de fwa pa jou.

Kòm pou nenpòt medikaman pou aspire, li enpòtan anpil ke ou itilize teknik apwopriye pou aspire medikaman sa yo byen fon nan poumon ou. Nou pa santi ke, kòm yon woutin, ou bezwen sèvi ak yon bronkodilatè anvan ou pran yon esteroyid pou rale oswa ke ou dwe tann yon minit ant chak aspirasyon. Nan pifò ka nou ankouraje itilizasyon aparèy pou espase lè se yon bwat presyon ki voye esteroyid pou aspire a. Èd pou respire sa yo, ki gen fòm tipikman tankou yon tib kre, tache ak inalatè dòz mezire esteroyid yo epi sèvi pou maksimize kantite medikaman esteroyid ki depoze sou tib bwonch yo pandan y ap minimize kantite ki rete dèyè nan bouch la. Yo disponib sou entènèt ak nan pifò famasi. Egzanp aparèy pou espase sa yo enkli *Aerochamber*<sup>®</sup>, *Optichamber*<sup>®</sup>, *Vertex*<sup>®</sup>, ak lòt ankò.

## Estewoyid pou Aspire yo Itilize jan sa Nesesè

Dènyèmman, li te rekonèt ke sèvi avèk yon esteroyid pou rale ansanm ak yon bronkodilatè aksyon rapid bay pi bon soulajman ak pi fò pwoteksyon kont atak opresyon pase itilizasyon yon bronkodilatè aksyon rapid pou kont li. Konsèp ki dèyè apwòch sa a se ke lè w ap gen sentòm opresyon epi w ap chèche soulajman nan bronkodilatè aksyon rapid ou a (tankou albuterol), gen enflamasyon aktif nan tib bwonch yo ki pi byen trete nan moman an ak yon kòtiko-estewoyid anti-enflamatwa. Yon rekòmandasyon manyè nouvo pou moun ki gen opresyon pi grav ke trè lejè se ke ou ta dwe itilize yon esteroyid pou rale chak fwa ou vle itilize bronkodilatè "sekou" aksyon rapid ou a. Konsèp la te rele "sekou anti-enflamatwa" (ki vle di "anti-inflammatory rescue" oswa AIR, pou pi kout). Li ka reyalize ak de inalatè (youn se yon bronkodilatè ki aji rapid tankou albuterol; lòt la se yon esteroyid pou aspire tankou beclomethasone, budesonide, ciclesonide, fluticasone, oswa mometasone). Menm bagay la tou ta aplike si ou ta sèvi ak yon nebilizè pou soulajman rapid. Pwosesis sa a te senplifye pa kreyasyon ennalatè ki konbine yon bronkodilatè ki aji rapid ak yon esteroyid pou rale nan yon sèl aparèy. Kounye a, ennalatè konbinezon ki disponib nan kalite sa a se albuterol + budesonide (*AirSupra*<sup>®</sup>), formoterol + budesonide (*Symbicort*<sup>®</sup>), ak formoterol + mometasone (*Dulera*<sup>®</sup>). (Wi, formoterol se youn nan bronkodilatè ki dire lontan, men akòz rapidite ak li kòmanse travay, li tou ka itilize pou soulajman rapid sentòm yo.) Si founisè medikal ou a rekòmande konbinezon formoterol + budesonide (*Symbicort*<sup>®</sup>) pou ou pran chak jou, yo ka itilize li tou pou soulajman rapid, yon apwòch yo rele SMART (ki vle di single inhaler for maintenance and rescue therapy oswa yon sèl ennalatè pou antretyen ak tretman sekou.) Okontrè, bronkodilatè ki dire lontan, salmeterol, ki genyen nan ennalatè konbinezon tankou *Advair*<sup>®</sup>, *AirDuo*<sup>®</sup>, and *Wixela*<sup>®</sup>, kòmanse travay pi atife epi yo pa ka itilize pou soulajman rapid kòm yon pati "sekou anti-enflamatwa."

## Efè Segondè Endezirab

Gwo avantaj kòtiko-estewoyid pa rale se ke menm ak itilizasyon alontèm (ki se, anpil ane), efè segondè endezirab ki asosye ak estewoyid nan fòm konprime (pa egzanp, prednisòn) pa devlope. Nan dòz konvansyonèl yo, sèl efè segondè potansyèl ke ou gen anpil chans rankontre yo se gòj fè mal, vwa anwe, ak yon enfeksyon chanpiyon nan bouch la (kandidyas oswa "chankalèt" nan bouch). Dènye enfeksyon sa a anjeneral manifeste kòm depo blan sou lang, jansiv, ak/oswa sou anlè anndan bouch la. Ou ka redwi risk pou yo devlope chankalèt lè w rense bouch ou ak dlo apre chak itilizasyon estewoyid pou aspire (ou ka swa vale oswa krache li) epi lè w sèvi ak espasè ki mansyone pi wo a. Medikaman preskripsyon yo disponib pou trete chankalèt, si li ta devlope.

Lè yo itilize nan dòz wo, yon ti kantite medikaman an absòbe nan san an epi kèk efè segondè andeyò bouch ak gòj la ka devlope. Sa ki pi komen yo se po fè ematom fasil ak sipresyon fonksyon glann sirenal yo. Siyifikasyon sipresyon glann adrenal yo diskite an plis detay nan bwochi ki rele [Opresyon ak Estewoyid nan Fòm Konprime](#), ki prepare pa Sant Opresyon (Asthma Center) Mass General Brigham. Se sèlman apre plizyè ane nan itilize estewoyid pou rale yo nan dòz trè wo yon moun vin siseptib a yon risk ogmante amensi zo yo (ki vle di osteyopowoz la), glokòm, ak katarak. Sepandan, li lajman dakò ke nenpòt efè segondè ki asosye ak itilizasyon alontèm nan gwo dòz estewoyid pou rale mwens anpil pase sa yo ki soti nan itilizasyon regilye oswa repete estewoyid nan fòm konprime.